

**DAMEL MEDIA PASINAON AKSARA JAWA AWUJUD MINIVENTURE "MY TRIP  
MY CARAKA" TUMRAP SISWA SMP KELAS VII**

***E-JOURNAL SKRIPSI***

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat Anggayuh  
*Gelar Sarjana Pendidikan*



dening:  
**Puji Lestari Cahyaningsih**  
NIM 14205241034

Yogyakarta, September 2018  
Pembimbing,

Nurhidayati, S.Pd, M.Hum.  
NIP. 19780610 200112 2 002

Yogyakarta, September 2018  
Ketua Jurusan,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.  
NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

## **DAMEL MEDIA PASINAON AKSARA JAWA AWUJUD MINIVENTURE “MY TRIP MY CARAKA” TUMRAP SISWA SMP KELAS VII**

### ***DEVELOPING A TEACHING MEDIA FOR THE LEARNING OF JAVANESE SCRIPT THROUGH A MINIVENTURE “MY TRIP MY CARAKA” FOR SEVENTH GRADE STUDENTS OF JUNIOR HIGH SCHOOL***

Dening: Puji Lestari Cahyaningsih, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. Lestarchahyaningsih96@gmail.com.

#### **Sarining Panaliten**

Panaliten menika ancasipun wonten tiga, inggih menika: (1) ngandharaken anggenipun ndamel *Media pasinaon aksara Jawa awujud miniventure “my trip my caraka”*; (2) ngandharaken pambijinipun *ahli materi, ahli media*, saha guru *mata pelajaran* basa Jawi, sarta pamanggihe guru ing diklat kangge *media pasinaon aksara Jawa awujud miniventure “my trip my caraka”*; saha (3) ngandharaken pamanggihipun guru minangka ingkang ngginakaken *media pasinaon buku aksara Jawa awujud miniventure “my trip my caraka”*. Panaliten menika wujudipun kalebet panaliten *Research and Development (R&D)*. Asiling panaliten nedahaken: (1) *media* dipundamel kanthi gangsal tataran inggih menika: *analysis, design, development, implementation saha evaluation*; (2) *validasi kualitas media* dening dosen *ahli materi* pikantuk biji *persentase* 90%, wondene *validasi* dening dosen *ahli Media* pikantuk biji *persentase* 84%, saha (3) pambiji *Media* dening guru basa Jawi pikantuk biji *persentase* 96%. Asiling panaliten menika nedahaken bilih *media pasinaon aksara Jawa awujud miniventure “my trip my caraka”* saged kangge sarana sinau wonten pamulangan aksara Jawa. Pamijining tembung: *Media Pasinaon, Miniventure “my trip my caraka”*

#### **Abstract**

*This study is aimed to: (1) describe the steps in making media for the learning of Javanese script through a miniventure “my trip my caraka”; (2) show the expert judgment from material experts, media experts and Javanese teachers with also Javanese teachers in the Java language training opinions on the Media for the learning of Javanese script through a miniventure “my trip my caraka”; and (3) share teachers viewpoints as the user of the media for the learning of Javanese script through a miniventure “my trip my caraka”. This study belongs to Research and Development (R&D). The results of the study are (1) the Media are designed through five steps namely: analysis, design, development, implementation, and evaluation, (2) the validation from the material expert toward the quality of the media is 90% and the validation from the media’s expert is 84%, and (3) the media evaluation from Javanese Teacher is 96%. The result of this study revealed that this media for the learning of Javanese script through a miniventure “my trip my caraka” can be used as a tool to learn Javanese script.*

*Keyword: Learning Media, Miniventure “my trip my caraka”.*

#### **PURWAKA**

Pasinaon basa Jawi ing pawiyatan SMP menika ngemot maneka warni pirembagan. Wondene aksara Jawa menika seratan tetilaran jaman rumiyin saking masarakat Jawi ingkang kedah dipunlestantunaken. Satemah aksara Jawa dipunwulangaken wonten ing pawiyatan. Kawontenan menika trep kalihan *kurikulum* ingkang dipunginakaken inggih menika *kurikulum*

2013. Adhedhasar *kurikulum* 2013 wonten ing pamulangan basa Jawi tumrap SMP kelas VII,VIII,IX menika wonten 4 *aspek* katrampilan inggih menika maos, nyemak, micara, saha nyerat ingkang jumbuh kaliyan *Kompetensi Inti (KI)* saha *Kompetensi Dasar (KD)*. *Kurikulum* menika wonten ing siswa SMP kelas VII kanthi dhasaring *Standar Kompetensi* ingkang gayut kalihan

Nurhidayati, S.Pd, M.Hum.

pamulangan aksara Jawa inggih menika *mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret menggunakan, mengurai, merangkai, modifikasi, dan membuat*) dan ranah abstrak (*menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang*) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori saha *Kompetensi Dasar* inggih menika *membaca dan menulis kalimat sederhana beraksara Jawa*. Para siswa wonten ing pamulangan aksara Jawa kedah nggayuh indikator ingkang sampun dipuntemtokaken *Indikator*-ipun inggih menika *siswa dapat membaca kalimat sederhana beraksara Jawa yang memuat aksara Jawa carakan, sandhangan wyanjana(panjang la, panjang wa, pengkal, cakra, dan cakra keret dengan tepat*.

Adhedhasar saking *observasi* ingkang sampun kalampahan dangunipun kalih wulan wonten ing SMPN 6 Yogyakarta minangka salahsatunggaling SMP ingkang dipunginakaken kangge PLT saged dipunmangertosi bilih kawontenan para siswa menika werni-werni. Wonten ingkang boten remen sinau aksara Jawa ananging ugi wonten ingkang remen. Pamanggih siswa ingkang nedahaken boten remen amargi seratanipun aksara Jawa angel dipunmangertosi, nalika pasinaon aksara Jawa para siswa ugi kathah ingkang kirang greget saha boten nggatosaken gurunipun. Lajeng asiling *observasi* menawi dipuntingali saking sarana pasinaon wonten ing SMP menika ugi taksih winates, estunipun sampun maneka warni kadosta *powerpoint, flash* , saha damel aksara Jawa ngginakaken tepung kanji, koran. Ananging bilih *Media non-IT* mliginipun

Damel *Media Pasinaon ...* (Puji Lestari Cahyaningsih) 3 games utawi *permainan* menika taksih winates, kadosta *miniventure"my trip my caraka"* dereng wonten.

Saking kawontenan prakawis menika kedah dipuntindakaken satunggaling cara supados saged damel swasana pasinaonan ingkang damel siswa langkung remen saha greget sinau maos aksara Jawa saha narik kawigatosan para siswa kanthi sinau sinambi dolanan. Pramila wonten ing mriki dipunbetahaken *media* awujud *games* . Pamilihing *media* dipunjumbuhaken kalihan kabetahan wonten ing lapangan. *media* ingkang dipundamel inggih menika *media* ingkang dereng natih wonten ing pasinaon aksara Jawa. Adhedhasar menika dipunkajengaken supados siswa saged remen saha greget anggenipun sinau amargi sinambi dolanan. Lajeng dipunbetahaken *inovasi* inggih menika damel *media* awujud *Miniventure (Miniatur Adventure)* kanthi irah-irahan *My Trip My Caraka* saha buku *saku* kangge cepengan supados langkung gampang anggenipun sinau.

*Miniventure* saha buku *saku* minangka salah satunggaling *media* pasinaon ingkang dipunkajengaken supados kasil anggenipun sinau wonten ing salebeting *proses* pasinaon. Panaliten ingkang jumbuh babagan *Media* inggih menika ngginakaken panaliten *Research and Development (R&D)*. Panaliten *R&D* menika salah satunggaling panaliten ingkang dipunginakaken kangge ngasilaken *produk* tartamtu. Awit saking menika, panaliti badhe nglampahi kanthi damel satunggaling *Media* kangge pasinaon aksara Jawa inggih menika *Media miniventure"my trip my caraka"* saha buku *saku*.

Nurhidayati, S.Pd, M.Hum.

*Media pasinaon miniventure"my trip my caraka"* saha buku saku menika gampil diipunginakaken wonten ing proses pasinaon. *Media* menika langkung prasaja, unik, kreatif, mirah saha ngremenaken. *Media* menika prasaja amargi gampil dipunbeta. *Media* menika unik saha kreatif amargi wonten sekawan panggenan ingkang dados *miniatur* inggih menika desa, taman, alun-alun kitha, guwa saha kuburan awujud 3 dimensi ingkang dipunpasangi lampu alit-alit ngginakaken baterai kangge madhangi. Lajeng *media* menika mirah amargi dipundamel saking koran bekas, tisu, kerdus, bungkus rokok, kresek, saha pirantos ingkang sampun boten dipunginakaken malih.

Panganggenipun *media* menika saged mbiyantu guru anggenipun ngandharaken materi. Awit saking *media pasinaon miniventure"my trip my caraka"* menika awujud games utawi permainan ingkang ngremenaken satemah para siswa saged langkung greget kangge sinau aksara Jawa.

#### CARANING PANALITEN

Panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten *Research and Development (R&D)*. panaliten *R&D* menika kangge ngasilaken produk tartamtu supados saged migunani wonten ing pawiyatan. Miturut Dick & Catery (lumantar Mulyatiningsih, 2012:199) prosedur pengembangan *model ADDIE*, tataran-tataran *R&D* menika wonten gangsal. *ADDIE* menika cekakan saking *Analisis, Desain, Development, Implementasi* saha *Evaluasi*. Panaliten ingkang dipunmaksudaken inggih menika panaliten kanthi cara ngempalaken data kangge ndamel *media*. *Media* ing panaliten menika arupi *miniventure"my trip my caraka"* saha buku saku kanthi materi aksara Jawa. *Miniventure"my trip my*

*Damel Media Pasinaon ... (Puji Lestari Cahyaningsih) 4 caraka* dipundamel awujud tiga dimensi saha buku saku dipundamel awujud *media* cithak. *media pasinaon* ingkang sampun kadamel dipunsuwunaken pambiji saha pamrayogi dhateng *dosen ahli materi, dosen ahli media*, saha guru basa Jawi. Sasampunipun dipundadosi adhedhasar pamrayogi pambiji saha pikantuk pasarujukan bilih *media* menika saged dipunginakaken wonten ing pasinaon menapa boten saged dipunginakaken wonten ing pasinaon.

#### ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAG

##### Tataranipun Ndamel *Media Pasinaon*

###### a) Tataran *Analysis (Analisis)*

Tataran *analisis* minangka tataran ingkang kaping sapisan anggenipun ndamel produk. Tataran *analisis* menika kaperang dados kalih tataran, inggih menika *analisis* kurikulum saha *analisis* kawontenan siswa kelas VII SMP N 6 Yogyakarta. *analisis* kurikulum dipuntindakaken kanthi cara maos saha mangretosi kurikulum ingkang dipunginakaken ing pasinaon basa Jawi wonten sekolah kasebut mliginipun pamulangan aksara Jawa.

*Analisis* kurikulum dipuntindakaken kanthi cara mangretosi kurikulum ingkang dipunginakaken wonten ing sekolah. Adhedhasar kurikulum 2013 kangge siswa kelas VII sampun dipuntetepaken bilih *Kompetensi Inti* ingkang trep bab aksara Jawa inggih menika "mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret menggunakan, mengurai, merangkai, modifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama

Nurhidayati, S.Pd, M.Hum.

dalam sudut pandang/teori saha *Kompetensi Dasar* inggih menika *membaca dan menulis kalimat sederhana beraksara Jawa*. Para siswa wonten ing pamulangan aksara Jawa kedah nggayuh *indikator* ingkang sampun dipuntemtokaken *Indikator*-ipun inggih menika *siswa dapat membaca kalimat sederhana beraksara Jawa yang memuat aksara Jawa carakan, sandhangan wyanjana(panjang la, panjang wa, pengkal, cakra, dan cakra keret dengan tepat*.

Sasampunipun nindakaken *analisis* kurikulum, lajeng nindakaken *analisis* kabetahan siswa wonten ing sekolah gayut kaliyan pamulangan aksara Jawa . *Analisis* kabetahan siswa dipuntindakaken kanthi observasi wonten kelas VII ing pasinaon aksara Jawa dangunipun kalih sasi minangka salahsataunggaling sekolah kangge PLT. Adhedhasar *observasi* menika siswa katingal kirang nggatosaken guru. Kahanan menika katitik saking siswa ingkang taksih kirang *aktif* saha wonten siswa ingkang kangelan, boten greget gumregah sinau aksara Jawa. Adhedhasar kahanan menika guru mbetahaken *media* ingkang ndamel siswa remen saha *aktif* mliginipun wonten pasinaon maos aksara Jawa.

Adhedhasar prakawis menika, salajengipun dipundamel *media* pasinaon aksara Jawa awujud *Miniventure”my trip my caraka”*. *Media* pasinaon menika dipunajab saged nuwuhaken kawigatosan satemah siswa langkung remen, *aktif* sinau maos aksara Jawa. Para siswa saged langkung nggatosaken guru anggenipun mulang aksara Jawa. *Media* menika ugi saged mbiyantu guru ngandharaken materi wonten salebeting pasinaon aksara Jawa.

Damel *Media* Pasinaon ... (Puji Lestari Cahyaningsih) 5

## **b) Tataran Design (Ndamel Desain Media)**

Tataran damel *desain Media* dipuntindakaken sasampunipun tataran *analisis* kurikulum saha *analisis* kawontenan siswa. *Analisis* kawontenan siswa menika kangge dhasar ndamel *media miniventure”my trip my caraka”*. Saderengipun ndamel desain, dipunwiwiti kanthi ngempalaken materi bab aksara Jawa. Materi ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipundamel *flowchart* inggih menika bagan alur pengembangan. Wosing *flowchart* menika ngewrat konsep penyajian menu pamulangan. *Flowchart* lajeng dipunwujudaken dados *story board* utawi naskah *media*.

*Story board* inggih menika rancangan naskah *media* kangge nggambaraken wosing *media*. *Story board* ngewrat sadaya ingkang samangke dipunwujudaken wonten ing salebeting *media* pasinaon aksara Jawa awujud *miniventure”my trip my caraka”* saha buku saku. Wonten ing *Media miniventure”my trip my caraka”* menika wujudipun dolanan kadosta petualangan ingkang anggenipun mlampah kanthi cara nguncalaken dadu supados pikantuk pinten jangkah. Ing mriku wonten kothak kangge wadhah lintingan. Lintingan menika wosipun seratan aksara Jawa ingkang samangke dipunwaos kalihan para siswa. *Media miniventure* menika dipunsengkuyung kaliyan buku saku kangge cepengan siswa nalika dolanan *miniventure*.

*Media miniventure “my trip caraka”* menika kaperang dados sekawan *stage*. *Stage* sapisan awujud miniatur desa, *stage* kaping kalih awujud miniatur taman, *stage* kaping tiga awujud miniatur kitha alun-alun, *stage* sekawan awujud miniatur kuburan saha guwa. Pamilihing sekawan

Nurhidayati, S.Pd, M.Hum.

*stage* menika adhedhasar *media* menika irah-irahanipun "my trip my caraka" ingkang nedahaken petualangan. Petualangan saking asalipun inggih menika desa kalajengaken dolan wonten ing taman saha kitha. Supados langkung narik kawigatosan ing pungkasan *stage* dipundamel guwa saha kuburan supados siswa langkung ngraosaken petualangan ingkang beda. Petualangan menika dipundamel cariyos kados ing ngandhap menika:

*Stage 1* cariyosipun kados mekaten: Desaku subur lan makmur. Wit-witane katon ijo royo-royo. Hawane saya edhum. Sinawang gunung merapi kang gagah. Gununge nambah endahing desaku. Saben minggu padha gugur gunung. Para warga resesik desa. Desaku dadi resik lan endah. Urip ing desa nyenengake. Kabeh padha guyub. Para warga urip tulung tinulung. Anggone srawung raket pasedulurane. Uripe kanthi ngugemi unggah-ungguh. Liwat ngarepe wong tuwa matur nuwun sewu. Yen papasan muni mangga. Urip ing desa atine ayem.

*Stage 2* cariyosipun kados mekaten: Sapinggire desa ana taman. Taman kang endah. Sesawangane taman nyengsemake ati. Swasanane taman rame. Akeh wong padha mlaku-mlaku ing taman. Rasane adhem mlebu ing taman iki. Hawane saya silir mlaku ing kene. Akeh bocah padha nglumpuk dolanan bareng. Bocah-bocah padha mlayu-mlayu. Bocah cilik padha dolanan plembangan. Bocah-bocah dolanan plorodan. Sanalika aku kepleset. Klambiku reged gupak lemah. Sawise ngresiki klambi, aku nggelar klasa kanggo lungguh. Plesir ing taman pancen nyenengake. Sawise lungguh ing taman aku mlaku menyang kutha.

Damel *Media* Pasinaon ... (Puji Lestari Cahyaningsih) 6

*Stage 3* cariyosipun kados mekaten: Iki kuthaku. Kutha cilik nanging apik.

Satengahing kutha iki ana alun-alun. Ing kene swasanane rame. Swasanane rame akeh wong padha dolan. Swasanane rame akeh wong padha jajan. Swasanane rame akeh bakul jajanan. Swasana ing kutha beda karo ing desa. Ing desa swasanane sepi ora rame kaya ing kutha. Ing kutha bisa krungu swara montor kang sliwar-sliwer. Swarane bakul jajanan sero banget nalika tawa. Ora kwatir yen kesel bisa leren ing alun-alun. Ora kwatir yen ngeleh bisa jajan ing kene. Aku tuku kwaci ing kene. Nyawang swasana kutha sinambi mangan kwaci. Seneng bisa dolan ing kene.

*Stage 4* cariyosipun kados mekaten: Rasa seneng owah dadi rasa wedi. Mulih saka kutha aku kesasar ing guwa. Ing kene akeh kuburan kang jejer-jejer. Kahanan ing kene peteng lan hawane asrep. Soroting cahya srengenge kang wis katon angslup. Swasanane sepi ora ana wong. Banjur aku krungu swara grag-grog. Sanalika atiku trataban weruh pocong ing guwa. Awakku dadi krasa atis. Tanganku kringeten amarga wedi. Banjur aku kelingan ngendikane pak Kyai kudu akeh ndonga. Luwih prayoga aku nerusake anggonku mlaku. Aku banjur mlaku ngetutake dalan sanadyan kumepyur atiku. Sanadyan kesasar kudu yakin bisa mulih kanthi slamet. Saka kadohan aku weruh kreteg ing kulon desaku. Aku ngucap sokur bisa mulih ing desaku.

Wondene wonten *evaluasi* ing pungkasan *stage* kanthi nyusun cariyos, cariyos menika kados ing ngandhap menika:

Aku manggon ing desa. (*Stage 1*)

Banjur aku dolan ing taman. (*Stage 2*)

Nurhidayati, S.Pd, M.Hum.

Sawise ing taman aku menyang alun-alun.(Stage 3)  
Aku kesasar neng kuburan nalika arep mulih ing  
desaku.(Stage 4)

Saking cariyos ingkang sampun kaandharaken bilih *media miniventure* menika kaperang dados sekawan panggenan miniatur inggih menika desa, taman, alun-alun kitha, guwa saha kuburan awujud 3 *dimensi* saking triplek ukuranipun 120x100 cm ingkang dipunpasangi lampu alit-alit ngginakaken baterai kangge madhang. Anggenipun damel ugi saking koran bekas, tisu, kerdus, bungkus rokok, kresek, saha bahan-bahan ingkang sampun boten dipunginakaken malih. Salajengipun saben-saben panggenan dipunparingi soal maos aksara Jawa. Wonten pungkasan panggenan mangkih wonten kalimat aksara Jawa ingkang acak supados saged dipunsusun supados saged dados *paragraph* ingkang sae.

*Media* ingkang sanesipun inggih menika buku saku. Buku saku menika wosipun ngengingi materi aksara Jawa, pasangan ugi sandhangan. buku menika supados anggenipun sinau langkung saestu. Buku saku ingkang wosipun (a)*profil*; (b)*Kompetensi Inti, Kompetensi Dasar*, saha *indikator*; (c) Cara anggenipun dolanan *miniventure "my trip my caraka"*; (d) materi aksara Jawa saha pasanganipun; (e) materi sandhangan aksara Jawa; (f) gladhen; (g) kapustakan.

### c) *Tataran Development (Ndamel Media)*

Tataran sasampunipun *perancangan* inggih menika *pengembangan*. Wonten *tataran pengembangan* menika kaperang dados kalih cak-

Damel *Media Pasinaon ...* (Puji Lestari Cahyaningsih) 7

cakan inggih menika damel *media pasinaon saha validasi*.

*Media pasinaon* ingkang dipundamel inggih menika *miniventure "my trip my caraka"* saha buku saku. *Media pasinaon aksara Jawa awujud miniventure "my trip my caraka"* saha buku saku dipundamel kanthi kalih *teknik*, inggih menika *teknik komputer* saha *teknik manual*. *Teknik komputer* inggih menika *proses nyusun naskah, proses nyerat aksara Jawa, editing, saha proses print/ cithak*. Salajengipun ingkang kalebet *teknik manual* inggih menika *proses ndamel miniatur ngginakaken triplek saha barang-barang bekas kadosta Koran, kerdus, kresek, bungkus rokok, tisu saha sanes-sanesipun*.

Wonten ing *teknik komputer, tataran kaping pisan* inggih menika ngginakaken *open office 41.5* saha *font tuladha jejeg kangge proses nyusun naskah* maos aksara Jawa wonten ing *miniventure "my trip my caraka"* ingkang wosipun: (1) cariyos kahanan desa ingkang kaserat mawi aksara Jawa saha pasanganipun (2) cariyos kahanan taman ingkang kaserat mawi aksara Jawa ingkang ngewrat panjangan la; (3) cariyos kahanan kitha alun-alun ingkang kaserat mawi aksara Jawa ingkang ngewrat panjangan wa; (4) cariyos kahanan kuburan ingkang kaserat mawi aksara Jawa ingkang ngewrat sandhangan pengkal, cakra saha cakra keret. Cariyos ingkang kaserat mawi aksara Jawa menika samangke dipunlintingi salajengipun dipunparingaken wonten kotak ingkang sampun cumawis wonten ing *miniatur*. Salajengipun nyusun *naskah* kangge buku saku ingkang wosipun (a)*profil* (b)*Kompetensi Inti, Kompetensi Dasar*, saha *indikator*; (c) Cara anggenipun dolanan

Nurhidayati, S.Pd, M.Hum.

*miniventure* "my trip my caraka"; (d) *materi* aksara Jawa saha pasanganipun; (e) *materi* sandhangan aksara Jawa; (f) gladhen;(g) kapustakan.

Sasampunipun *teknik komputer*, lajeng wonten *teknik manual*, inggih menika *proses* damel *miniatur*. *Desain* ingkang sampun dados lajeng dipunbentuk awujud *miniatur* desa, taman, kitha saha kuburan ngginakaken triplek , koran, kerdus, kresek, bungkus rokok saha barang bekas sanes-sanesipun supados langkung narik kawigatosan saha menawi kahanan peteng lajeng dipunparingi lampu alit-alit. *Media miniventure* "my trip my caraka" menika wonten sekawan *stage*. Wonten ing *stage* satunggal ingkang awujud *miniatur* desa menika *penekanan kompetensi* maos aksara Jawa saha pasanganipun. Salajengipun wonten ing *stage* kalih ingkang awujud *miniatur* taman menika *penekanan kompetensi* maos aksara Jawa ingkang ngewrat panjangan wa. Salajengipun wonten ing *stage* tiga ingkang awujud *miniatur* kitha alun-alun menika *penekanan kompetensi* maos aksara Jawa ingkang ngewrat panjangan la. Ing pungkasan inggih menika *stage* sekawan awujud *miniatur* kuburan menika *penekanan kompetensi* maos aksara Jawa ingkang ngewrat sandhangan cakra, cakra keret saha pengkal. *Penekanan kompetensi* kaperang dados sekawan *stage* menika adhedhasar kompetensi dasar ingkang nedahaken maos aksara Jawa ingkang ngewrat aksara Jawa saha pasanganipun, lajeng sandhangan wyanjana la, sandhangan wa, saha sandhangan pengkal, cakra,cakra keret.

Sasampunipun *media miniventure* "my trip my caraka " sampun dados, dipunlajengaken damel *media* buku *saku*. *Media* buku *saku* dipundamel

Damel *Media* Pasinaon ... (Puji Lestari Cahyaningsih) 8  
wiwit purwaka dumugi pungkasan, inggih menika samak ngajeng ngantos dumugi samak wingking. Anggenipun damel buku *saku* menika dipuncithak wonten dlancang lajeng dipun-*jilid* dados buku ngginakaken *jilidan spiral* pethak utawi cemeng.

Sasampunipun sadaya *media* dados, cara anggenipun ngecakaken *media* wonten ing pasinaon aksara Jawa inggih menika kaperang dados kalih. Ingkang sapisan guru ngandharaken *materi* ing salebeting buku *saku*. Lajeng kaping kalih para siswa garap gladhen ingkang wonten ing *media miniventure* "my trip my caraka".

*Produk* ingkang sampun dados lajeng dipun-*validasi* dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. *Dosen ahli materi* wonten ing panaliten menika inggih menika Ibu Venny Indria Ekowati, M.Litt, ewadene *dosen ahli media* wonten ing panaliten menika inggih menika Ibu Avi Meilawati, S. Pd. M.A. *Tataran validasi* dipuntindakaken kangge paring pambiji tumrap *kualitas media pasinaon*, supados pikantuk pambiji *kelayakan media*. *Revisi produk* dipuntindakaken adhedhasar pamrayogi saking *dosen ahli* kangge ndandosi kekiranganipun *produk* supados pikantuk pasarujukan kangge *layak uji coba*.

*Produk* dipun-*validasi* dening *dosen ahli materi* kanthi tigang *tataran*. Asil pambijining *validator* dipunetang kanthi ngecakaken *rumus* = 
$$\frac{\sum \text{Skor Panaliten}}{\sum \text{Skor Ideal Sadaya Item}} \times 100\%$$
 dados menika  $\frac{12}{30} \times 100\%$  pikantuk *rerata persentase* 40 ingkang kagolong kirang. Wonten *tataran* menika pikantuk pamrayogi: (1) panyerating aksara Jawa, basanipun wonten ingkang lepat; (2) dereng wonten *penekanan kompetensi* saben *stage*; (3) dereng wonten *kisi-kisi* soal satemah dereng mangertos



Nurhidayati, S.Pd, M.Hum.

menapa gladhen menika sampun jumbuh kalihan indikator; (4) materi boten eksplisit ; saha (5) anggenipun biji gladhen boten cetha. Lajeng dosen ahli materi paring dudutan bilih media menika layak ujicoba wonten lapangan kanthi revisi ingkang jumbuh kalihan pamrayogi.

Salajengipun media dipun-revisi jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen ahli materi. Anggenipun revisi kanthi ngleresaken basa ingkang taksih lepat. Wonten ing perangan aksara Jawa menika ngleresaken panyeratanipun. Lajeng damel kisi-kisi saha pambiji saking gladhen, ingkang pungkasan damel penekanan saben stage inggih menika stage satunggal penekanan kompetensi maos aksara Jawa saha sandhangan, stage kalih penekanan kompetensi maos aksara Jawa ngewrat panjingan la, stage tiga penekanan kompetensi maos aksara Jawa ingkang ngewrat panjingan wa, saha stage sekawan penekanan kompetensi maos aksara Jawa ingkang ngewrat sandhangan cakra, cakra keret, pengkal.

Sasampunipun revisi lajeng nindakaken validasi tataran II. Tataran II taksih pikantuk pamrayogi. Tataran menika kapiji kanthi presentase  $\frac{21}{30} \times 100\% = 70\%$  ingkang kagolong sae. Wonten tataran menika pikantuk pamrayogi: (1) panyerating aksara Jawa taksih kathah ingkan klentu; (2) panyerating kapustakaan kedah urut;(3) tuladha ing buku saku menika dipungantos ngginakaken tuladhanipun piyambak;(4) prentah gladhen taksih wonten ingkang ngginakaken basa indonesia. Anggenipun revisi kanthi ngleresaken malih panyerating aksara Jawa, gantos tuladha ing buku saku, gantos ukara gladhen saha ngurutaken kapustakan miturut abjad.

Damel Media Pasinaon ... (Puji Lestari Cahyaningsih) 9

Sasampunipun revisi lajeng nindakaken validasi tataran III. Tataran III menika sampun pikantuk pasarujukan kangge uji coba kanthi boten wonten revisi. Tataran menika kapiji kanthi presentase  $\frac{27}{30} \times 100\% = 90\%$  ingkang kagolong sae sanget.

Sasampunipun produk dipun-validasi dening dosen ahli materi, salajengipun validasi dening dosen ahli media. Validasi menika dipuntindakaken kanthi kalih tataran. Tataran I kanthi ngecakaken rumus  $= \frac{\sum Skor Panaliten}{\sum Skor Ideal Sadaya Item} \times 100\%$  dados menika  $\frac{33}{45} \times 100\% = 73\%$  ingkang kagolong sae. Wonten tataran menika pikantuk pamrayogi seratan ingkang wonten bayanganipun dipunicali supados saged langkung cetha, lajeng supados nggampilaken anggenipun ngginakaken media , langkung prayogi bilih media miniventure “my trip my caraka” menika dipunparingi arah. Salajengipun dosen ahli media paring dudutan bilih media menika dereng layak uji coba wonten lapangan kanthi revisi ingkang jumbuh kalihan pamrayogi. Anggenipun revisi kanthi cara maringi arah wonten media miniventure, saha nggantos seratan ingkang wonten bayanganipun supados ical.

Sasampunipun revisi lajeng nindakaken validasi tataran II .Tataran II menika sampun pikantuk pasarujukan kangge uji coba kanthi boten wonten revisi. Tataran menika pikantuk presentase  $\frac{38}{45} \times 100\% = 84\%$  ingkang kagolong sae sanget. Saking persentase menika validator paring dudutan bilih media menika sampun layak kangge uji coba boten wonten revisi.

Nurhidayati, S.Pd, M.Hum.

#### d) *Tataran Implementation (Uji Coba Media)*

Sasampunipun *media* pasinaon pikantuk pasarujuan saking dosen ahli materi saha dosen ahli *media* kangge nindakaken *uji coba*, tataran salajengipun inggih menika *implementation* utawi *uji coba Media*. *Uji coba media* katindakaken wonten ing *Diklat* bahasa Jawa guru-guru SD. Para guru SD dipundampingi panaliti saha Ibu Dra.Sri Harti Widyastuti,M.Hum minangka pembicara diklat kangge miwiti ngginakaken *media* pasinaon buku saku kaliyan *miniventure "my trip my caraka"*. *Media* menika dipunwucalaken kanthi *metode cooperative learning*. *Metode model pasinaon kooperatif* kanthi cara nyinau wonten satunggaling kelompok ingkang kawontenan sekawan dumugi enem tiyang. Tataran *uji coba* dipunwiwiti kanthi merang para guru SD dados sekawan kelompok. Para guru SD sami maos materi dipunlajengaken dolanan *miniventure"my trip my caraka"*. Sasampunipun menika, asiling garapan gladhen dipunkempalaken kangge mangertosi kelompok pundi ingkang garapanipun leres piyambak saha menang. Saking menika para guru SD paring pamanggih bilih *media* menika sampun sae, ananging pakon anggenipun ngginakaken *media* taksih kirang cetha saha gladhenipun angel bilih dipunginakaken kangge siswa SD utawi SMP.

#### e) *Tataran Evaluasi*

Tataran *evaluasi* inggih menika tataran pungkasan. *Evaluasi* dipuntindakaken kanthi ndamel *analisis* pambiji *kualitas media* ingkang sampun dipunkempalaken . Pambiji *kualitas media* menika dipuntindakaken dening *dosen ahli materi*,

Damel *Media Pasinaon ... (Puji Lestari Cahyaningsih)* 10 *dosen ahli Media*, guru SD saha guru basa Jawi. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken salajengipun dipun-*analisis* jumbuh kaliyan ancasipun *produk*. Wondene asiling rerata pambiji pungkasan dening *dosen ahli materi, dosen ahli Media*,saha guru basa Jawi pikantuk 90% ingkang kagolong sae sanget. Asiling *analisis* nedahaken bilih produk sampun jumbuh kaliyan ancasipun pasinaon saha layak dipunginakaken kangge pasinaon aksara Jawa awujud *miniventure"my trip mycaraka"*

#### 1. Asiling Pambiji saha *Tampilan Pungkasan Media Pasinaon*

Asiling *validasi* dening *dosen ahli materi, dosen ahli media*, pambiji denging guru basa Jawi, Asiling *validasi* dening *dosen ahli materi, dosen ahli media*, pambiji denging guru basa Jawi, tumrap *media* pasinaon aksara Jawa awujud *miniventure "my trip my caraka"* menika sampun sadaya dipuntindakaken.

Asiling pambiji pungkasan menika dipunserat lumantar *tabel* kados saking *persentase*-nipun saha *kategori*-nipun saben pambiji, wonten ing *tabel 1* menika .

**Tabel 1: Asiling Pambiji Pungkasan Kualitas Media Pasinaon**

No.	Pambiji Media Pasinaon	Persentase	Kategori
1.	Dosen <i>ahli materi</i>	90%	Sae Sanget
2.	Dosen <i>ahli media</i>	84%	Sae Sanget
3.	Guru basa Jawi	96%	Sae Sanget
Asiling rerata <i>persentase pambiji</i>		90%	Sae Sanget

Adhedhasar *tabel* ing nginggil, asiling pambiji pungkasan dening *dosen ahli materi*

Nurhidayati, S.Pd, M.Hum.

adhedhasar saking 6 indikator pikantuk biji persentase 90% ingkang kagolong sae sanget. Asiling validasi dosen ahli media adhedhasar saking 9 indikator pikantuk biji persentase 84% ingkang kagolong sae sanget. Asiling pambiji media dening guru basa Jawi adhedhasar saking 10 indikator pikantuk biji persentase 96% ingkang kagolong sae sanget. Adhedhasar validasi dosen ahli materi, dosen ahli media, saha pambiji guru basa Jawi tumrap media pasinaon aksara Jawa miniventure "my trip my caraka" pikantuk rerata persentase 90% ingkang kagolong sae sanget.

### **1. Kaluwihan saha Kakirangan Media Pasinaon Aksara Jawa awujud Miniventure "My Trip My Caraka"**

Media pasinaon aksara Jawa awujud miniventure "my trip my caraka" menika ugi wonten kekirangan saha kaluwihanipun. Kaluwihan media pasinaon aksara Jawa awujud miniventure "my trip my caraka".

- 1) Media pasinaon aksara Jawa awujud miniventure "my trip my caraka" layak dipunginakaken minangka sarana pamulangan aksara Jawa kelas VII SMP. Layak-ipun media saged dipunmagretosi saking kualitas media mawi validasi dening dosen ahli materi, dosen ahli media, guru basa Jawi ingkang pikantuk rerata persentase 90% menika kagolong sae sanget.
- 2) Media "my trip my caraka" menika ngewrat materi aksara Jawa ingkang jumbuh kaliyan kabetahan siswa kelas VII.
- 3) Media miniventure "my trip my caraka" menika wonten buku saku ingkang damel siswa langkung gampang anggenipun sinau aksara Jawa.

Damel Media Pasinaon ... (Puji Lestari Cahyaningsih) 11

- 4) Media miniventure "my trip my caraka" menika salah satunggaling media permainan kanthi cara sinau sinambi dolanan damel siswa langkung remen, greget, gumregah saha aktif ing pasinaon basa Jawi.
- 5) Media pasinaon aksara Jawa awujud miniventure "my trip my caraka" menika saged dipunginakaken kanthi kelompok ngginakaken metode cooperative learning .

Media pasinaon miniventure "my trip my caraka" menika ugi wonten kakiranganipun. Wondene kakirangan media pasinaon miniventure "my trip my caraka" kados wonten ing ngandhap menika.

- 1) Anggenipun ndamel media pasinaon miniventure "my trip my caraka" menika mbetahaken wekdal ingkang dangu .
- 2) Anggenipun ngecakaken media miniventure "my trip my caraka" menika kirang efektif manawi dipunginakaken kanthi kelompok ageng. Langkung efektif manawi dipunginakaken antawisipun 2-4 siswa saben kelompok

### **PAMRAYOGI**

Saking asiling media ingkang dipundamel pamrayoginipun inggih menika:

1. Media miniventure "my trip my caraka" langkung efektif manawi ukuranipun radi ageng.
2. Media buku saku langkung efektif saha saged dipunginakaken kangge wekdal ingkang dangu manawi wonten perangan kangge nemplekaken garapan siswa menika dipungantos kanthi damel bolongan ingkang saged kangge nglebetaken garapan siswa salebeting buku saku .
3. Cak-cakanipun panganggening media langkung cetha malih.

## KAPUSTAKAN

- Arief, dkk. 2002. *Media pendidikan : pengertian, pengembangan dan pemanfaatannya*. Jakarta : PT. Raja Grafindo Persada.
- Arsyad, Azhar. 2016. *Media Pembelajaran*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- \_\_\_\_\_.2011.*Media Pembelajaran*.Jakarta: PT Raja Grafindo
- Darusuprpta, dkk. 2002. *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusantara
- Daryanto. 2016. *Media Pembelajaran*. Yogyakarta: Gava Media.
- Departemen Pendidikan Nasional.2008. *KBBI PUSAT BAHASA*. Jakarta: PT.Gramedia Pustaka Utama
- Mulyatiningsih,Endang.2012. *Metode Penelitian Terapan Bidang Pendidikan*. Bandung : Alfabeta.
- Mulyani, Hesti. 2013. *Komprehensi Tulis*. Yogyakarta: Astungkara Media
- \_\_\_\_\_. 2012.*Membaca Manuskrip Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher
- Novianto, M, Fuad. 2014. *Damel Buku Sinau Maos saha Nyerat Aksara Jawa kanthi Irah-irahan "Caraka" kangge Siswa SMP*. Yogyakarta: Pendidikan Bahasa Jawa UNY.
- Padmosoekotjo,S. 1989. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT.Citra Jaya Murti
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B.Wolters
- Putra, Nusa. 2015. *Research & Development Penelitian dan Pengembangan : suatu pengantar*. Jakarta : Rajawali Pers.
- Purbani,Widyastuti,dkk.2017.*Suplemen Pedoman Tugas Akhir TAS/TAKS/TABS*.Yogyakarta: Kementerian Riset,Teknologi, dan Pendidikan Tinggi Universitas Negeri Yogyakarta Fakulas Bahasa dan Seni
- Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung: Alfabeta.
- \_\_\_\_\_. 2012. *Metode Penelitian Kombinasi (Mixed Methods)*. Bandung: Alfabeta
- \_\_\_\_\_. 2007. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sutrisno saha Fanani,Ahmad.2016.*Kamus Lengkap Inggris-Indonesia Indonesia-Inggris*. Depok: Senja Media Utama
- Tim Tugas Akhir Skripsi Fakultas. 2016. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta